

# GOUMEN KONT RAYISMAN NAN ETA MASSACHUSETTS

*Biwo Pwokirè Jeneral Eta Massachusetts la pran angajman pou li konbat ensidan rayisman kote ak lè ensidan yo rive. Anplis enpak yo genyen sou chak viktim apa, ensidan rayisman yo menase sekirite, byennèt ak libète tout kominote yo. Nou p ap tolere rayisman.*



## Zak kriminèl rayisman oswa ensidan rayisman?

Sèten konpòtman kriminèl konstitiyè yon zak rayisman lè preferans yon moun motive li pou li komèt zak la oswa prejije kont tout yon ras, yon koulè po, yon relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite sèksyèl oswa andikap yon lòt moun. Gen tou sa yo rele ensidan rayisman ki se zak enjistis ki komèt poutèt preferans yon moun men ki pa konsidere tankou yon zak kriminèl.

## Ki lwa ki pwoteje w?

### Lwa sou Dwa Sivik Massachusetts

Lwa sou Dwa Sivik Massachusetts pwoteje tout rezidan Massachusetts ak vizitè Massachusetts kont menas oswa atak rayisman ki entèfere ak dwa legal yo. Sa a ka gen ladan, kom egzanp:

- Kraponnaj nan men vwazen oswa pwopriyete kay
- Entèferans ak aktivite pwoteje, tankou pou gen aksè ak enstalasyon sante repwodiktif oswa pou ale vote
- Menas oswa vyolans nan yon espas piblik

### Lwa sou zak rayisman

Se yon zak kriminèl lè yon moun komèt yon agresyon, yon atak oswa domaje pwopriyete yon moun ak entansyon pou kraponnen yo akòz idantite yo. Yo kapab pouswiv yon kriminèl tou si li derespekte ak vyolans oswa ak menas vyolans yon dwa moun ki pwoteje. Konpòtman rayisman kapab toujou konsidere tankou yon zak kriminèl rayisman menmsi moun ki komèt zak kriminèl lan te fè erè lè li te kwè viktim lan te fè pati yon gwoup patikilye oswa si prejije pa t sèl faktè motivasyon zak lan.

### Lwa anti-diskriminasyon

Biwo Pwokirè Jeneral la fè respekte lwa Massachusetts ki entèdi diskriminasyon nan lojman, nan espas travay, nan lekòl yo ak nan espas piblik yo. Dwa yon moun ka vyole si:

- Yon pwopriyete kay pa pwoteje yon lokatè kont kraponnaj rayisman nan men yon vwazen
- Yon anlwayè pa pran okenn aksyon pou amelyore yon anviwònman travay ostil ki rive akòz rayisman oswa prejije nan espas travay la.
- Yon lekòl pa pran okenn aksyon lè elèv sibi entimidasyon oswa anmèdman akòz yon karakteristik ki pwoteje
- Yon konpayi pa pwoteje kliyan li kont konpòtman rayisman anlwaye li yo

### Lòt konsekans

Pafwa diskou ak ensidan rayisman pa vyole lalwa, menm lè yo pwoteje pa Premye Amanman Konstitisyon Etazini an. Sepandan, ka gen lòt konsekans nan ka sa yo. Pou egzanp, konpòtman oswa diskou rayisman kapab vyole kòd konpòtman nan espas travay, lojman, lekòl oswa sou platfòm rezo sosyal.



## Kisa ou ta dwe fè si ou se viktim rayisman?

Viktim rayisman yo ta dwe an premye asire yo ke yo an sekirite epi wè yon doktè, si sa nesesè. Apre sa, viktim yo ta dwe konsidere etap sa yo:

- Kontakte lapolis lokal yo
- Ekri sou papyè mo egzak yo te di yo ak yon deskripsyon detaye sou evènman yo ki enkli dat ak lè
- Anrejistre tout prèv epi pran foto, enkli tout machin ki ta enplike yo
- Jwenn enfòmasyon pou kontakte tout temwen yo

## Kijan ou ka rele?

### Lapolis lokal la

Si yon zak kriminel ta komèt, pou rapòte ensidan an bay lapolis lokal la rele 911.

### Divizyon Dwa Sivik Pwokirè Jeneral la

Rapòte ensidan rayisman, zak kriminel oswa vyolasyon dwa sivik bay biwo Pwokirè Jeneral la.

Depoze yon plent: [mass.gov/ago/civilrightscomplaint](https://mass.gov/ago/civilrightscomplaint)  
Imèl nou: [civilrights@mass.gov](mailto:civilrights@mass.gov)  
Rele nou: (617) 963-2917

### Divizyon Konpansasyon Viktim Pwokirè Jeneral la

Si oumenm, yon manm fanmi oswa yon moun ou renmen ta viktim yon zak kriminel vyolans, ou ka gen dwa ak konpansasyon pou garanti depans ki pa gen asirans tankou swen medikal.

Vizite: [mass.gov/ago/victimcomp](https://mass.gov/ago/victimcomp)

## Kijan ou ka pwoteje?

Si w viktim yon ensidan rayisman, ou ka benefisye pwoteksyon pou asire sekirite w selon òdonans tribinal la bay pou ou ka jwenn jistis. Tou depannde sikonstans yo, tribinal la kapab:

- Bay lòd pwoteksyon pou yon viktim ak lòt moun tankou yo
- Mande yon abizè rete lwen yon viktim
- Entèdi moun ki komèt zak la komèt lòt zak rayisab
- Adopte yon òdonans konpansasyon finansye pou viktim nan

### Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon

MCAD aplike lwa anti-diskriminasyon yo, ki enkli diskriminasyon nan lojman prive, travay ak lojman piblik.

Soumèt yon plent: [mcad.appointlet.com](https://mcad.appointlet.com)

### Biwo Envestigasyon Federal (FBI)

FBI ap mennen ankèt sou zak kriminel federal ki travèse fwontyè Eta yo.

Voye yon endis: [tips.fbi.gov](https://tips.fbi.gov)  
Rele biwo Boston an: (857) 386-2000

### Jwenn plis enfòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou jwenn yon òganizasyon anti-rayisman nan kominote w la, tanpri vizite [mass.gov/ago/nohate](https://mass.gov/ago/nohate).

